

Umuti wa (SDF) usigura iki?

Umuti wa SDF ni umuti w'amazi ushobora gukoreshwa mu kwoza amenyoy kugira bahagarike ingwara yo gutoboka kw'amenyoy. Usigwa ku menyoy hadakoreshejwe urushinge canke akuma gatobora, kugira ushobore kuba ngirakamaro kubaba muri Vermont bafise ingorane zo gushobora kwivuzay amenyoy. Ubuvuzi bw'ingwara zo gutoboka kw'amenyoy hakoreshejwe umuti w'amenyoy wa SDF harigihe butazokubuza guhomesha iryinyoy ryatobotse muri kazozay.

Ni gute nokwandikisha umwana wanje kugira ahabwe umuti w'amenyoy wa SDF?

- Uwujejwe isuku ry'amenyoy azokumutsa amenyoy y'umwana wawe.
- Azoshira umuti w'amenyoy wa SDF mu ntoboro ashiremwo mukemuke hanyuma awureke wume mu gihe c'umunota umwe.
- Umenye ko umuti wa SDF utuma intoboro yirabura. Raba amafoto ari hepfo.
- Umwana wawe arashobora kugira icanga c'icuma mu kanwa kiwe, kikazoca kigenda vuba.
- Iyo umuti wa SDF uhuye n'urukoba hamwe/canke ibinyigishi, hazozako amabara igihe gito.
- Iyo umuti wa SDF ushizwe ku ryinyoy risanzwe ryarahomwe n'umuti ufise irindi bara, harashobora kuzako irindi bara.

Urasabwa kumenyesha uwujejwe isuku ry'amenyoy mu gihe umwana wawe afise ico arico cose mu bimenyetso bikurikira:

- Ukuziranirwa ku cuma c'umwakaka canke ibindi vyuma
- Ibikomere bimubabaza mu kanwa
- Ingorane iyo ariyo yose y'urukoba rutihanganira ibintu bimwe na bimwe

Inyuma y'ico gikorwa:

- Umwana wawe ntiyemerewe kwiyugumura gushika uwo musi uheze.
- Ingorane zavuzwe haruguru zirashobora kuba ari nke ugereranije z'izivugwa n'uwakoze uwo muti. Uramutse ubonye izindi ngorane zitavuzwe haruguru, urasabwa kwakura umuforoma w'ishure.
- Mu gihe umwana wawe adasanzwe afise umuganga w'amenyoy mu buryo buhoraho, uwujejwe isuku ry'amenyoy azogufasha kurondera ahantu umwana wawe ashobora kuronswa ku buryo buhoraho, ubuvuzi bw'amenyoy bubereye.
- Ubuvuzi bw'amenyoy hakoreshejwe umuti wa SDF butegerezwa gusubirwamwo mu gihe c'amezi atandatu akurikira mu gihe umwana wawe atigeze aronswa ubuvuzi bw'amenyoy.

Amenyoy yavuye hakoreshejwe umuti wa SDF:



Photo Credit: Dr Jeanette MacLean



Photo Credit: Dr Jeanette MacLean

Jewe, _____, nasomye iyi fishe kandi ntahura ubwo buvuzi. Ubuvuzi, harimwo n'ivyago hamwe n'uturusho, narabisiguriwe mu buryo bwanshimishije kandi narahawe amahirwe yo kubaza ibibazo. Ndatahura ko atacizere nahawe ko ubu buvuzi buzokora ijana kw'ijana. Nemeye guhabwa uwujejwe isuku ry'amenyoy yavyigiye kugira azokore iki gikorwa.

Igenekerezo: _____ Igikumu c'umugwayi: _____

Igikumu c'umuvyeyi w'umwana agwaye, Umurezi, canke uwumuserukira yemewe n'amategeko (mu gihe bikorwa);

Igikumu c'icabona: _____

Uru ruhusha ruzoguma rwemewe gushika ruteshejwe agaciro n'umuvyeyi w'umwana canke umurezi yemewe n'amategeko.